




Atik Adisyonèl pou Konsidere Ajoute nan yon Lis Pwovizyon pou Ijans:

- Medikaman sou preskripsyon ak linèt
- Fòmila pou tibebe ak kouchèt
- Manje pou bêt domestik, dlo ak pwovizyon pou bêt domestik ou a
- Dokiman enpòtan pou fanmi an tankou kopi polis asirans, pyès idantifikasiyon ak dosye kont labank nan yon bwat pòtab ki enpèmeyab
- Lajan Kach ak monnen
- Materyèl referans pou ka dijans tankou yon liv sou premye swen oswa enfòmasyon ki soti sou sit www.ready.gov
- Sak kouchaj oswa lenn cho pou chak moun. Konsidere pran lòt lenj pou kabann si w abite nan yon kote ki gen klima frèt.
- Rad derechanj konplè ki gen ladan yon chemiz manch long, pantalon long ak soulye solid. Konsidere pran lòt rad si w abite nan yon kote ki gen klima frèt.
- Ekstenktè Dife
- Alimèt nan yon bwat ki enpèmeyab
- Atik ijyèn feminen, atik ijyèn pèsonèl ak dezenfekstan poumen
- Kit istansil pou fè manje, kèp an papye, asyèt ak istansil jetab, sèvyèt an papye
- Papye ak kreyon
- Liv, jwèt, jedpasyans oswa lòt aktivite pou timoun



Lis Pwovizyon Pou Ijans



FEMA

www.ready.gov



Atik yo rekòmande pou Mete nan yon Kit Debaz pou Pwovizyon Pou Ijans:

- Dio ak manje non perisab pou plizyè jou
- Batri oswa chajè adisyonèl pou telefòn selilè
- Radyo ki mache ak pil oswa radyo ak manivèl ki kapab resevwa alèt tonalite Radyo Meteyo ke Administrasyon Nasional Oseyan ak Atmosfè (NOAA) difize ak batri adisyonèl
- Flach ak batri adisyonèl
- Kit premye swen
- Siflèt pou siyale ou bezwen èd
- Mask ki pwoteje kont pousyè, pou ede filtre lè ki kontamine ak film plastik ak riban adezif pou pran refij souplas
- Lenjèt imid, sache fatra ak atach an plastik pou ijyèn pèsònèl
- Kle oswa pens anti-etensèl pou fèmen sèvis publik yo
- Ouvrebwat (si kit la genyen manje nan bwat konsèv)
- Kat jewografik lokal

Kanpay Ready FEMA a
edike ak abilite Ameriken yo pou yo pran kèk mezi senp pou prepare pou ak reyaji fas ak ijans potansyèl ki ka prezante, ikonpri ijans ki prezante akòz danje natirèl ak dezas moun pwovoke. Ready mande moun pou yo fè twa bagay enpòtan: genyen yon kit pwovizyon pou ka dijans, prepare yon plan dijans pou fanmi an, epi rete enfòme sou diferan tip dijans ki ka prezante ak sou reyaksyon awpropriye pou genyen yo. Tout moun dwe genyen kèk pwovizyon debaz sou lamen pou yo kapab siviv pandan plizyè jou sizoka ta gen yon ijans ki prezante. Lis atik pou kit pwovizyon pou ka dijans sa a se sèlman yon premye etap li ye. Li enpòtan pou moun egzamine lis sa a epi konsidere bezwen inik pou fanmi yo, ki enkli bêt domestik, pou konnen ki atik pou enkli ladan I. Se pou moun konsidere tou pou yo genyen omwen de (2) kit pwovizyon pou ka dijans, yon kit konplè lakay yo ak kit pòtatif ki pi piti nan milye travay yo, nan machin yo oswa lòt kote yo pase tan.

